Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 20 (7369)
12 Май 2019 сон
ГъатІан
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## «Унсоколо район» МОялъул депутатазул Собраниялъул тІоцебесеб заседание



Гьаб соналъул 7 маялда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул данделъабазул залалда букІана «Унсоколо район» муниципалияб районалъул анкьабилеб ахІиялъул сессиялъул тІоцебесеб заседание. Гьениб полномочие чІезабуна 27 муниципалияб районалде гъорлъе унел депутатазул Собранияз росабалъан рихьизарурал депутатазул.

Балагьиялде росун рукІана хадусел гІуцІиялъул суалал:

-«Унсоколо район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул председатель вищи,

-«Унсоколо район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул кидагосел комиссиял рищи.

Балъгояб гьаркьие лъун, бюллетеналги хІалтІизарун тІобитІана депутатазул Собраниялъул председатель вищиялъе рищиял. Гьезул 27 депутатасдасан 16 гьаракьги щун районалъул депутатазул Собраниялъул председательлъун вищана Генуб росдал Собраниялъ вихьизавурав Юсупов МухІамад Баширович. Цогидав кандидат – Дибирасулаев Асадула Зайнудиновичасе щвана 11 гьаракь.

Гьединго депутатазул Собраниялъул заседаниялда рищана 5 кидагосел комисси-ялги.

I. Мандатнияб, Регламентазул ва депутатазул этикаялъул суалазе.

2. Бюджеталъе, финансазе, налогазе ва экономикаялъе.

3. Законалъе, законодательствалъе ва бакІалъулаб самоуправлениялъул суалазе.

4. Социалиял суалазе, гьединго диниял суалазе.

5. БакІал рай, жилищниялгун коммуналиял ишазе ва росдал магІишаталъе.

## Баркат-рахІматалъул моцІгун!



ХІурматиял Унсоколо районалъул жамагІат!

Къабул гьабе районалъул администарциялъул ва дирго рахъалдасан баркат-рахІматалъул Рамазан моцІ тІаде щвеялда бан гьабулеб ракІ-ракІалъулаб барки. КІалккун моцІ - гьеб ккола исламалда жаниб бищунго хІурматияб ва кІвар бугеб. ТІубараб Рамазан моцІалъ бусурбабаз ккола ТІадегІанав Аллагьасе гІоло кІалал, кьола щолезе садакъаби, гьарула лъикІал гІамалал. Гьеб моцІалъ лъикІал гІамалаздалъун чурула мунагьал, гьелъ ракІазе кьола гІодоре риччай, рохел, гьеб цІола гурхІел-рахІмуялъул, цоцалъ щулалъула гьудуллъи.

Биччанте гьеб букІине нилъер киназулго мунагьал чурулеб, щибаб рокъобе талихІ, гІодобе биччай, цоцада ричІчІи, бачІунеб. Щулалъизе биччанте нилъер ракІазулъ иман, лъикІлъи, гьеб гІадамазе гьабизе бокьи. Гьарула киназего районалъул гІадамазе чорхое щулияб сахлъи, талихІ, сабру, гІодобе биччараб гІумрогун мурадал тІурай!

**ХІурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетІер**
**ГІ. НУРМУХІАМАДОВ.**

КІудияб Бергьенлъиялъ - 74 сон

## БахІарзал ракІалде щвезаруна




9 Маялда радалидаса нахъего Шамильхъалаялда ва росабалъ унеб букІана «Хвел гьечІеб полкалъул» хьвади. Гьеб лъугІана райадминистрациялъул майданалда. СагІат I0 ялда байбихьана КІудияб Бергьенлъиялъ 74 сон тІубаялде буссараб рохалилаб митинг. Шествиялъул гІахьалчагІилъунин абуни рукІана киналго районалъул школазул тІаса рищарал цІалдохъаби, ясли-ахазул гьитІичал, медицинаялъул хІалтІухъаби, батІи-батІиял махщалил гІадамал.

Митингалда баркиялъул кІалъай гьабуна «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас. Жиндирго кІалъаялда гьес абуна: «Нилъер районалдаса рагъде ана 900 ялдаса цІикІкІун чи, тІад руссана 4I0 чи, даимгоялъе рагъул майданалда хутІана 490 чи. Кидаго ракІалдаса инаро гьел нилъеда! РакІ-ракІалъ чІухІула бахІарчиял умумаздаса. Щивас хІаракат бахъизе т1адаб буго гьезда релъараллъун рукІине»!

Гьединго баркиялъул каламгун кІалъана районалъул рагъулав комиссар Ш. МухІамадов, Генуб росулъа М. ГІабдулаев, районалъул имам Гъ. Абакаров ва цогидалги. РуцІцІун чІеялъул минута лъазабун хІурмат гьабуна ВатІаналъе, халкъалъе гІоло гІумро кьуразул. Хадуб рагъда хваразул хІурмат гьабун обелискалда цере лъуна тІугьдузул венокал, кьуна салют.

Рохалилаб митинг лъугІун хадуб букІана праздникалъулаб концерт.

## Мемориалияб доска рагьана



Бергьенлъиялъул Къо кІодо гьабиялде цересел къояз Унсоколо росулъ рагьана гьеб росулъа РО НКВДялъул хІалтІухъан НурмухІамад Маматовасе лъураб мемориалияб хъарщи. Гьев бахІарчиго хвана I94I соналъул хаслихъе хъулухъалъулаб налъи тІубалаго.

Тадбиралда гІахьаллъана: «Сельсовет Унцукульский» администрациялъул бетІер ХІ. ГІабдулаев, «Унсоколо район» МОялъул общественнияб хІинкъи гьечІолъи букІинабиялъул рахъалъ бетІерасул зам. М. ХІамзатов, Унсоколо № I школалъул директор М-Р. НурмухІамадов, участковияв, полициялъул уполномоченнияв, капитан М-ГІ. Шахбулатов, милициялъул майор ГІ. ГІалиев, чІахІиязул Советалъул член М. ХІусейнов, ХІ. МухІамадовасул цІаралда бугеб искусствалъул школалъул нухмалъулей Ш. ХІасанова, Унсоколо росдал администрациялда цебе бугеб культураялъул рукъалъул нухмалъулей ГІ. АхІмадова, Унсоколо № I школалъул ункъабилеп классазул цІалдохъаби, цогидалги росдал идарабазул хІалтІухъаби.

КІалъазе рахъараз бицана тадбиралъул гІолилазе ВатІан бокьиялъул рухІалда тария кьеялъул бугеб кІвараралъул. Ахиралда росдал бетІер ХІ. ГІабдулаевас ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна гьеб кІвар бугеб тадбиралда гІахьаллъаразе.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 20 (7369)
12 Май 2019 сон



Гьал къоязда Москвалъул Шереметьевоялъул аэродромалда самолет авария ккун бухIиялъул хIаси лалда гIадамал хвеялда бан районалъул гIадамазул, администрациялъул хIалтIухъабазул ва жиндирго рахъалдасан Мурманск областалъул гIадамазда зигара бана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Сакъалъи ккаразе гьарана сахлъи.

РакIалде щвезабизин авиакатастрофа ккана 5 маялда. Москва-Мурманск пассажиразул самолет Sukhoi бух1ана. Гьелъул хIасилалда хвана 4I чи. Кинавниги самолеталда вукIана 78 пассажир.

Нилъер гIолилал

# ЧIухIизе бегьулев вас



ХIурматияв ХIожо МухIамадович – РДялъул РЖД ОАОялъул МахIачхъалаялъул станциялда бугеб отделениялъулабгун клиническияб больницаялъул НУЗалъул врач!. Дицаги дир хъизаналъги кIудияб ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула, Дуе, дие тIадегIанаб бажариялда гьабураб операциялъухъ ва дун сахлъигун тIаде яхъиналъе гIоло. Баркала махщалихъ, квербакъиялъухъ, гIаданлъиялъулабгун гурхIелалъулаб балагьиялъухъ. РакI бохулеб куц гьединал мухIканал, жиндирго тIадал ишазде ракI чIарал, гIадамаздехун рахIму-гурхIелгун ралагьулел гIадамал рихьараб мехалъ. Кирго гьединал гIадамал хIажат ругеб куц!

БатIаго баркала загьир гьабизе бокьун буго Дур эбел-инсуе гьединав адаб бугев, гIадамазда гьорлъ хьвадизе лъалев, гIадлу-низам бугев, ишалъе тIуванго живго кьолев вас гIезавуралъухъ!

Маялъул праздникалги баркулаго гьарула, Дуе, гьайбатаб ва баркалаялъе мустахIикъаб махщалилъ жеги чIахIиял бергьенлъаби, чорхое сахлъи, гIумруялъулъ талихI!

**ХIурматгун ПатIимат А.**

ГIаммаб ишалъе - пайда

# Баркалаялъе мустахIикъав



КIудияб баркалаялъеги унго-унго яб рецщалъеги мустахIикъав вуго Унсоколо росулъа МухIамадгIалиев МухIамад НурмухIамадович. МухIамад цо-цо вачIуна музеялде, гьесие бокьула цере рукIарал тIагIелазул, рукIа-рахъиналъул лъазеги балагьизеги. Гьал къоязда МухIамадица музеялде кьуна церегосел, жиндирго цере умумазул нахъе цIунун рукIарал батIи-батIиял гIемерал тIагIелал. Гьел руго 70 гIанисел.

Аллагь разилъаги МухIамад дудаса гьедин гIаммаб хIалтIулъ мустахIикъаб бутIа лъуралъухъ. Дирго рахъалдасан бокьун буго МухIамадгIалиев МухIамадие ракI-ракIалъулаб баркала кьезе музеялъе гьединал гIемерал ва къиматал тIагIелал кьуралъухъ.

РакIалда буго музеялда МухIамадил цIаралда гьес кьурал тIагIелабиги лъун хасаб букIон гьабизе. Биччанте гьеб киназдаго бихьизе.

Хириял росуцоял, бокьилаан нужер ратани гьединал цере рукIарал тIагIелал музеялде кьуни, гьел цIунун рукIуна нужер цIаралги гьоркь хъван, кирего ккезеги толаро. Гiодоре ран тIагIинаричIого халкъалъе лъикIлъиялъе хIалтIизаризе кьуни пайда букIинаан гьезул.

Аллагь разилъаги МухIамадидасаги, гьенире тIагIелал кьурал киналго гIадамаздасаги.

**ХIалимат МУХIАМАДОВА.**
**МахIач Дахадаевасул цIаралда бугеб музеялъул зав.**

# Районалъул цIияв судья

**Дагъал церегIан къоязда Бакълъулазул районалъул судалъул минаялда судиясул гьа бана Арсен Испагиевас. Россиялъул Президент Владимир Путиница I8 марталда гъулбас гьабуна «Федералиял судьяби ва РФялъул Президентасул вакилзаби Москва областалъул судалъул коллегиялде тIамиялъул хIакъалъулъ указалда. Гьеб указалда рекъон, Унсоколо районалъул судалъул судьялъун тун вуго Арсен Испагиев.**



Тадбиралда гIахьаллъана РДялъул Верховнияб судалъул уголовниял делабазул рахъалъ судебнияб коллегиялъул председатель Расул МухIамадов, Унсоколо районалъул судалъул председатель Сулейман Исламханов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул зам. МухIамад Хъарагишиев, Унсоколо судалъул судья Арсен Испагиев, Бакълъулазул районалъул прокурор МухIамад МухIамадов, прокурорасул зам. Хизри Хираев, районалъул судалъул хIалтIухъаби ва цогидалги.

ДРялъул Верховнияб судалъул уголовниял делабазул рахъалъ судебнияб коллегиялъул председатель Расул МухIамадовас къокъго бицана Арсен Исрагиевасул биография.

«Арсен Испагиевас лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридическияб факультет. Армиялда хъулухъ гьабун хадув хIалтIизе лъугьана ДРялъул Верховнияб судалъул отделазул цоялда консультантлъун, тIамуна Кировский районалъул судалъул председателасул кумекчилъун, цо заманалда дир кумекчилъунги хIалтIана. Бокьун буго абизе, нужее судья лъикIав щванилан, щай абуни, гьесул буго теоретическияб лъай, гьединго хIалбихьи. ДРялъул Верховнияб судалъул нухмалъулезул божи буго, Арсен Испагиевас жиндирго лъай ва хIалбихьи Унсоколо районалъул судалда хIалтIулаго бихьизабилин»,-ян абуна Расул МухIамадовас.

Арсен Испагиевас баркала загьир гьабуна рахъ ккуралъухъ ДРялъул Верховнияб судалъул пред. Сергей Суворовасе ва Верховнияб судалъул уголовниял делабазул рахъалъ судебнияб коллегиялъул председатель Расул МухIамадовасе.

«РагIи кьола ракI бацIцIадго, парахалъи цIунулел органалгун ва цогидал идарабигун цадахъ рекъон хIалтIизе, Гумбет ва Унсоколо районазе пайдаял ишал гьаризе, ДРялъул Верховнияб судалъул нухмалъиялъ гьабураб божилъи ритIухъ гьабизе»,-ян абуна Арсен Испагиевасги.

Ракь багъари: бакIал рай

# ХIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе

Дагъал церегIан къоязда районалде рачIун рукIана РДялъул «Республикаялъул сейсмическияб хIинкъи гьечIолъи ГIабдурахIмановгун гьез цIех-рехалъулал хIалтIаби гьаруна школалъул ва ясли-ахалъул сверухъалъиялда, чIезаруна объектазде кколел ракьазул гIорхъаби. Гьединго бахъана «Дорожнияб карта» хадубккун гьеб суал тIубаялъе. Бихьизабуна хадусел проектниялгун ба кIал раялъул хIалтIабазде гьоркьоре рачине ругел тIадеги лъаларел гIадамазухъ ругел ракьазулги. Районалъул нухмалъиялъ гьеб суал жидерго хасаб хъаравуллъиялде гьоркье босана ва цIиял объектал раялъе квал-квал кколебщиналдаса бакIал ралел эркен гьаризе ругоян бихьизабуна.



букIинабиялъул» централъул ГАУялъул специалистал. Гьезул аслияб мурад букIана Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул ва № 9 ясли-ахалъул минаби цIи гьарун раялъе цIех-рехал гьари.

Цадахъ «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кумекчи ГI-XI. ГIумаровгун ва архитектураялъулгун бакIал раялъул МКУялъул специалист XI-М.

Гьедин «Сейсмобезопасность» гIуцIиялъул хIалтIулаб группаялъ объектазул цIех-рех гьабизе буго РДялъул РакьалрагьариялдалъунобъектазезаралккунгутIиялъехIалтIигьабулеб,гьединго РДялъул гIумро гьабиялъул бакIал рай цебетIезабиялъул пачалихъиял программабазде гьоркьореги росун.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 20 (7369)
ГьатIан
12 Май 2019 сон

3 гьумер

Гьале тIаде щвана баракатаб Рамазан моцI. РакI-ракIалъ баркула нужеда нилъерго мунагьал чуризе рес кьолеб хирияб моцI тIаде щвей. Аллагьас щивасе тавпикъ кьеги хирияб моцI лъикIал гIамалал гьарун нухда регIизе!



*Дин ва гIумро*

# Рамазаналъул фарзал ва суннатал

Кинавго бусурманав, балугъав, гIакъилав чиясда лъазе ккола жинцаго гьабулеб гIамал гIелмуялъ малъухъе шаргIалда рекъон гьабизе. Аварагасул (с. т. гI. в.) кьучIаб хIадис буго: «ГIелму тIалаб гьаби кинавго бихьинчиясда, бусурман чIужуялдаги тIадаб (паризаяб) жо буго»,-ян. ГIалимзабазги абун буго: «Щив чи вугониги жинца гьабулеб гIамал гIелмуялъ абухъе гьабуларев, гьесул гIамал нахъ чIвала»,-ян. Гьединлъидал кIал кколев чиясда лъазе ккола кIалалъул киналго рахъал.

Рамазан моцIалъул кIал тIалъула ШагIбан моцIалъул лъеберго къо камиллъиялдалъун яги бакъ тIерхьун хадуб моцI бихьиялдалъун, кинавго балугъав, гIакъилав, кIал ккезе кIолев чиясда. КIодолъи-херлъиялдалъун ялъуни сахлъиялде хьул гьечIеб унтиялъ унтарав, кIал ккезе кIоларев чиясда кIал тIалъуларо, гьес щибаб къоялъ цо муд (700 гр.) ролъул бахъизе ккола. ХIайиз, нифас бугей чIужугIданалдаги кIал тIалъуларо, амма хадуб бецIизе ккола. КIалалъул тIадаб жо щибаб къоялъ ният гьаби буго. Лафз абизе суннатаб буго. Нияталъе шартIги бакъ тIерхьаралдаса рогьел рехизегIан гьоркьоб гьаби буго, кинаб кIалали баянги гьабун. Ай щибаб сордоялъ такрар гьабила метер Рамазаналъул кIал ккезе,-ян.

Нияталъул гIей гьабулеб бищун дагьаб: «Дица ният гьабула Рамазаналъул кIал ккезе»,-абуни гIола. Бищун камилаб: «Дица ният гьабуна метер кIал ккезе Рамазаналъул фарз тIобитIун гьаб соналъул ТIадегIанав Алагьасе гIоло»,-абун ният гьаби буго.

КIал биххула жимагIалдалъун, истимнаалда лъун, лагIизе бачIине гьабиялдалъун (жибго бачIани биххуларо), жиндир черх бугеб жо, кигIан гьитIинаб бугониги, гьодориялде жанибе лъугьиналдалъун. ТIагьарат гьабулелъул мухIканлъи гьабизе ккола хасго руччабаз. КIалдиб бугеб бацIцIадаб хIацIу, кигIан гIемераб букIун къулчIаниги, кIал биххуларо, амма би бачIун чорокаб бугони, биххула. Бадибе жо тIинкIани, укол гьабуни кIал биххуларо, венаялда жанибе гьабуниги, кванил бакIалда чIолеб жоялдалъун венаялда укол гьабуни кIал биххула. Жиндир ихтияр гьечIого паризаяб черх чурулесул, лъелъе лъугьинчIого, гIинзунибе яги кIалдибе лъим ани, кIал биххуларо, гьединго кIал чороклъун букIун гьеб ххулулаго жиндир ихтияр гьечIого жанибе ани биххуларо. КIал ккун букIун кIочон кванани, яги лъим гьекъани, кIал биххуларо. КIал биччазе хIалаллъула унтиялдалъун, жинца зарал гьабулеб, как къокъ гьабизе бегьулеб сапаралдаги. КIал ккеялдалъун гьалаглъиялда хIинкъани (къечон яги вакъун), тIадаб биччараб кIал гIузруялдалъун букIун батани, бецIизе тIалъула. ЖимагIалдалъун Рамазан моцIалъул кIал хвезе гьабурав чиясда тIалъула кIал бецIиялда цадахъ кафаратги. Кафаратги лагъ тархъи буго, хIалкIвечIони, кIиго моцIалъ тIатIала кIал ккей буго (гIузруялдалъун бугониги, хIатта ахирисеб кIал хвезабуни, кIиябго моцIалъ цIидасан ккезе ккола) херлъиялдалъун яги унтиялдалъун хIал кIвечIони, 60 мискинфакъирасе цо-цо муд кьела. Рамазан моцIалъул тIаса ине хьул гьечIеб гIузруялдалъун (кIодолъи, херлъи, унти (сахлъиялде хьул гьечIеб) кIал биччарав чиясда тIалъула щибаб къоялъе цо муд кьезе, гьесда кIал бецIизе тIалъуларо, хадуб хIал кIваниги.



Лъимер хахулей, яги лъимер гьабизе бугей чIужуялъ кIал биччани, жиндирго нафсалда хIинкъун, гьелъ гьеб кIал хадуб бецIизе ккола, лъимералда хIинкъун биччани, гьелда тIалъула цо муд ва гьеб кIал бецIизеги. Рамазаналъул кIал гIузру гьечIого тIасияб Рамазан бачIинегIан бецIичIев чиясда тIалъула гьеб кIал бецIигун цадахъ сон рикIкIун муд бахъизе. Масала, исана Рамазаналъул 10 кIал тани, тIасияб бачIинегIан гьелги рецIичIони, гьесда тIалъула I0 муд ва гьел рецIизе, тIасияб бачIинегIан гьел рецIичIони, гьесда тIалъула 20 муд ва 10 кIал бецIизе.

КIал кколев чиясе суннатаб буго лъим гьекъезе бугониги радакь вахъине, бакъ тIерхьин хIакълъарабго, кIал биччай хех гьабизе суннатаб буго, гьебги лъабго чамасдакалъ биххизе хирияб буго, гьеб гьечIони – лъималдалъун. КIал биччан хадуб абизе суннатаб буго: «Аллагьума лака сумту ва гIала ризкъика афтIару, загьаба замау вабталатил гIурукъу ва сабатал ажру иншааллагьу тагIала». Черх чури хьахIлъи лъалелде цебе гьабизеги суннатаб буго. Черхалъе бокьулеб, жиндир хIалаллъи-хIарамлъи лъалареб квеналдаса ккун чIейги суннатаб буго.

КIал ккурав чияс цIакъ хIаракат бахъизе ккола кинабго хIарамаб жоялдаса (гьереси, гъибат, бугьтан) мацI нахъе чIваялда. КьучIаб хIадисалда рекъон, гьез кIалазул кири хвезабула. Рамазан моцIалъ цIакъго суннатаб буго садакъа, Къуръан цIали, игIтикаф, гIибадат гIемер гьабизе хасго ахирисеб анцIго сордо-къоялъул, Лайлатул къадриялда нахъ регIизе тIалаб гьабиги. Лайлатул къадриялъулъ гьабураб гIамал лъикIаб буго жиндилъ Лайлатул къадри гьечIеб 1000 моцIалъ гьабураб гIамалалдаса.

**МухIаммад МАНГУЕВ.**

# ТаравихIазул каказул хиралъиялъул хIакъалъулъ

ГIалиасхIабас бицунеб буго «Дица цо нухалъ Аварагасда (с. т. гI. в.) цIехана таравихIазул каказул хиралъиялъул хIакъалъулъ ва Аваргас (с. т. гI. в.) абуна:

I-себ сордоялъ таравихIал рарасул Аллагьас мунагьал чурула.

2-леб сордоялъ таравихIал рарасул ва гьесул эбел-инсул, гьел бусурбаби ратани, мунагьал чурула.

3-леб сордоялъ таравихIал рани, ГIаршалда гъоркьан малаикас ахIула «ХIакълъунго Аллагь вацIцIадав вуго ва тIадегIанав вуго. Гьес дур цере аралщинал мунагьал чурула.

4-леб сордоялъ таравихIал рарасе хъвала Таврат, Инжил, Забур, Къуръан цIаларасе гIанисеб кири.

5-леб сордоялъ таравихIал рарасе Масжидул хIарамалда Мадинаялъул масжидалда ва масжидул Акъваялда какал разазул кири хъвала.

6-леб сордоялъ таравихIал рарасе кьола «Байтул магIмуралда» сверун тIавап гьабурав чиясе кьолебгIан кири.

7-леб сордоялъ таравихIал рарав чи Аллагьас ПиргIавниде данде вахъарав Мусал макъамалде вахинавула.

8-леб сордоялъ таравихIал рарав чиясе Аллагьас Ибрагьим аварагасул макъам кьола.

9-леб сордоялъ таравихIал рарав Аллагьасде гIагарав лагъасда бащалъула.

I0-леб сордоялъ таравихIал рарасул кваналеб жоялде Аллагьас баракат лъела.

II-леб сордоялъ таравихIал рарас гьаб дунял тела лъимералъ эбелалъул тIончIорукъ гIадин бокьун.

I2-леб сордоялъ таравихIал рарав Къиямасеб къоялъ бакъ гIадин гвангъун гьумергун вахъина.

I3-леб сордоялъ таравихIал рарав киналго балагьаздаса цIунаравлъун вукIина.

I4-леб сордоялъ таравихIал рарав малаикзабаз нугIлъиги гьабун Аллагьас Къиямасеб къоялъ цIунаравлъун вукIина.

I5-леб сордоялъ таравихIал рарасе малаикзабаз, хасго ГIарш баччараз рецц гьабила.

I6-леб сордоялъ таравихIал рарав ЖужахIалдаса хвасар гьавун Алжаналде витIила.

I7-леб сордоялъ таравихIал рарасе Аллагьас жиндаго аскIоб кIудияб даража кьела.

I8-леб сордоялъ таравихIал рарасде Аллагьас ахIила «Я гьав, Дир лагъ, Дун дудасаги дур эбел-инсудасаги рази вуго»,-ян.

I9-леб сордоялъ рани, гьев Фирдавус алжаналъул даражаялде вахинавула.

20-леб сордоялъ рани, гьесие Аллагьас шагьидзабазе ва лъикIал лагъзадерие гIадаб кири хъвала.

2I-леб сордоялъги рани, Аллагьас гьесие алжаналъуб нуралъул хъала бала.

22-леб сордоялъ рани, гьев чи ургъел-къварилъабаздаса божаравлъун вукIина

23-леб сордоялъги рани, Аллагьас гьесие Алжаналъуб шагьар бала.

24-леб сордоялъ рани, Аллагьас гьесул дугIаби къабул гьарила.

25-леб сордоялъ рани, гьев хабал гIазабаздаса хвасар гьавила.

26-леб сордоялъ рани, Аллагьасда аскIоб гьесул бугеб даража 40 нухалъ цIикIкIина.

27-леб сордоялъ рани, гьев чи СиратIалъул кьодасан пиригIан хехго ина.

28-леб сордоялъги рани, гьесие Аллагьас Алжаналда I000 даража цIикIкIинабила.

29-леб сордоялъ рани, Аллагьас абила: «Я Дир лагъ, дуца лазат босе Алжаналъул пихъаздаса ва гьекъе Кавсар гIоралдаса, дун мун вижарав вуго, мун дир лагъ вуго»,-ян.

Гьедин хира гьаруралльун какал ккола таравихIазул какал. Воре жигар бахъе кIванагIан мажгитазда, жамагIаталда цадахъ таравихIал разе!.

# Эпидемический паротит-вирусное заболевание

Эпидемический паротит (свинка) – широко распространенное вирусное заболевание, протекающее с поражением железистых органов (чаще слюнных желез, особенно околоушных) а также нервной системы (менингит, менингоэнцефалит).

Источник эпидемического паротита – больной человек, заразный в течение 9 дней болезни. Путь передачи инфекции – воздушно-капельный. Наиболее поражаемый контингент – дети школьного возраста.

Обычно острый период эпидемического паротита протекает легко, но позднее могут обнаружиться такие осложнения, как серозный менингит, орхит, эпидидимит.

Прогноз при неосложненном эпидемическом паротите – благоприятный, выздоровление наступает в сроки от одной до двух недель. При развитии двустороннего орхита есть вероятность развития бесплодия у мужчин.

Особо важную роль в профилактике играет вакцинация против эпидемического паротита.

Вакцинация - это инвестиция в здоровье и благополучие детей на протяжении всей жизни. Благодаря вакцинам большинство детей и взрослых невосприимчивы к кори, краснухе, эпидемическому паротиту, дифтерии, коклюшу, столбняку и полиомиелиту.

Цена отсутствия вакцинации очевидна. Пробелы в охвате иммунизацией - открытая дверь для заразных болезней, позволяющая им распространяться среди тех, кто не прошел вакцинацию. Каждый год в этом Регионе выявляются тысячи случаев кори и многие люди продолжают страдать из-за паротита и коклюша.

Иммунизация - это право и ответственность. Каждый человек заслуживает того, чтобы быть защищенным от болезней, предупреждаемых вакцинацией, и его выбор в пользу вакцинации играет жизненно важную роль в защите окружающих.

Вакцины содержат модифицированную форму вируса или бактерии, которая не вызывает заболевание, но «обучает» вашу иммунную систему тому, что делать, если вы когда-либо реально подвергнитесь «нападению» со стороны потенциально опасного вируса или бактерии.

Когда вы получаете прививку, ваша иммунная система реагирует так же, как и на любое другое "вторжение", создавая антитела для борьбы с конкретным вирусом или бактерией.

После вакцинации ваш организм запоминает этого конкретного «взломщика». Если вы когда-либо встретитесь с настоящим вирусом или бактерией, нужные антитела быстро его уничтожат, прежде чем он сможет сделать вас больным.

Некоторые болезни требуют введения более одной дозы вакцины или бустерной дозы позднее в жизни. Это будет необходимо для обеспечения полной и надежной защиты.

Когда вы и большинство людей в вашем сообществе невосприимчивы к заразной болезни, она не может легко распространяться. Вместе мы предупреждаем попадание вируса или бактерий в тех, кто не может быть вакцинирован, включая младенцев, которые еще слишком малы для вакцинации, и людей со слабым здоровьем или тех, кто получает специальное лечение, ослабляющее их иммунную систему.Особо отмечу, важность формирования коллективного иммунитета.

Эпидемический паротит и корь распространяется быстро. Чем больше число восприимчивых к этим инфекциям людей в сообществе, тем выше индивидуальный риск каждого человека заразиться этими болезнями.

Поскольку все больше и больше людей вакцинируются, вирусу становится все труднее найти кого-то нового для заражения. Но вирус все еще распространяется везде, где он может найти достаточное количество людей для заражения. Прерывая цепочки передачи инфекции, вакцинированные дети и взрослые, не позволяют вирусу добраться до младенцев, которых еще рано вакцинировать, а также людей, которые не могут быть вакцинированы, поскольку у них ослаблена или нарушена иммунная система. Для того, чтобы достичь уровня «коллективного иммунитета» способного защитить все население, необходимо обеспечить охват иммунизацией не менее 95%.

Коллективный иммунитет защищает уязвимых детей и взрослых, которые не могут быть вакцинированы.

Вакцины работают, чтобы защитить Вас и тех, кто окружает Вас.

**Врач- эпидемиолог Сапият Магомедалиева**

Спорт

# Эркенаб гугариялъул къецал



I Маялда Генуб росулъ тIобитIана имам Шамил ракIалде щвезавиялъе 200I соналъ гьарурал васазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул районалъул къецал. Гьединго къецал тIоритIана «Бергьенлъиялъул ихх» абураб рамкаялда жаниб гIуцIараб КIудияб ВатIаниб рагъ лъугIун 74 сон тIубаялъул хIурматалдаги. Къецазулъ гIахьаллъана 2I0 гIолев спортсмен. Гьел унаан I6 батIияб цIавул категориялда.

Праздниказда хурхун тIоритIулел къецазда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов, хIурматияв гьобол, Шамилил фондалъул президент ГI. Хархаров, РДялъул общественнияб палатаялъул, МахIачхъала, Калуга шагьаразул вакилзаби.

Тадбир халат бахъана сордо бащалъизегIан. Киналго гIуцIиялъулал суалал тIуразаруна районалъул спорткомитеталъ, судья ахIун вукIана Россиялъул категория бугев. Къецазда бергьана районалдаса I6 гIолилав. (цIарал районалъул сайталда цIале).

Бергьаразе райадминистрациялъул цIаралда кьуна ХIурматиял грамотаби ва гIарцулал сайгъатал. Гьел кьуна Шамилил фондалъги.

Ахиралда къецал гIуцIадго иналъе квербакъарал Генуб росдал спортшколалъул директорасе, росдал бетIерасе, гIадлу-низам цIунулел органазул хIалтIухъабазе баркала загьир гьабуна.

Сахлъи

# Жанире гIахьадиялъул хIинкъи букIуна

ГIахьадун нилъеца нилъедасаго батIа гьабула кинабго чорокабщинаб; магIарзукъалахъа хIур, кванил бичIчIа-бикъи, хIацIу, ахту ва гь. ц. ЦIакъго гIадатияб буго гьеб масала, гIодобегIан инчIого, ай гьуърулъе, щокъробе инчIого мегIер-мукъулукъ бацIцIад гьаби.

ГIахьадулеб мехалъ мацI рефлекторнияб къагIидаялъ хъвала тамахаб мёбаялда ва гьавадул карачел уна магIарзул къалахъан къватIибе. Гьедин хадув чи гIунтIулаgедухъ гIуцIун буго тIабигIаталъ мегIералъул кинабго чороклъиялдаса бацIцIад гьабулеб къагIида.

Амма бигьа гьабун гIахьади гIемер лъикIаб жо гуро. Яги мун гIахьадила бугеб рухIалъ, яги дудаго жаниве рефлекторалда тIаде бугеб рухIги кьун. Ахирисеб къагIидаялъ гьабуни, гьаваялъул карачел, гьелдаго цадахъ жаниб бугебщинаб чороклъи ине бегьула тIадехун (гIинлъе, бадибе), яги гъоркьехун (гьуърулъе).

Жанибехун гIахьадиялдасан зарал ккезе бегьула чиясе. Гьаваялъ зарал гьабизе бегьула гIиналъул перепонкаялъе, бихъизабизе бегьула гьеб. ЛъикIищ букIунеб гIинда жанибе слизалда цадахъ бактериял ккани. Гьедин ккани заманалдасан гьоркьосеб гIиналда жаниб отит багъаризе бегьула. Гьеб сах гьабизе ккола антибиотиказдалъун.

Цойги хIинкъи. ГIахьадиялда жаниб «взрывная волна» бугони, багъаризе бегьула аневризм, (расширение просвета сосуда). Гьелъ геморрогическияб инсульт ккезе бегьула.

Нужер бидурихьал загIипал ругони, гIахьадун хадур матIуялъуре ралагьани, бихьизе бегьула чанго хъахIилаб бакI. Гьедин букIуна гIисинал бидурихьал кьвагьани. ГIемераб заманаялъ ккун чIезабураб гIахьадиялдаса хадуб цо бакIалда унти загьирлъани, масала, каранлъ, ракI кьабун хIухьел босизе кIоларого бугони, нахъ бахъичIого хехаб кумек ахIе.

ГIахьадизе бачIани, гьеб нахъ бахъун чIезе гьабуге. РакI-ракIалъ гIахьаде! Амма хIалтIуда ва гIадамалгун ругеб мехалъ кербац1алъ мег1ер бахче!

**<u>Газета основана 1937 г.</u>**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**
**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**<u>Адрес редакции:</u>**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 11 . 05. 19 г. 16. 00
фактически -16. 30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.